

# Pwoteje tèt ou kont Fwod

Yo te enfòme w sou pi bon pwoteksyon kont fwod. Men kèk konsèy pou ede w jwenn asirans sante grasa Health Insurance Mache a nan HealthCare.gov:

## Kenbe enfòmasyon w ansekirite sou entènèt.

- Asire w ke òdinatè ou gen lojisyèl sekirite fyab, e li ajou. Lojisyèl sekirite pwoteje òdinatè w kont viris. Ou ka jwenn lojisyèl sekirite gratis pou òdinatè nan men konpayi ki fyab. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [staysafeonline.org/stay-safe-online/free-security-check-ups](https://staysafeonline.org/stay-safe-online/free-security-check-ups).
- Retire lojisyèl malveyan (pafwa ki rele “malveyan”), sa ki gen ladan viris ak lojisyèl espyon ki te enstale sou òdinatè w, telefòn selilè san konsantman ou. Lojisyèl malveyan ka lakoz aparèy ou bloke e li ka siveye ak kontwole aktivite w anliy. Kriminèl yo itilize lojisyèl malveyan yo pou vòlè enfòmasyon pèsònèl ou, voye spam, epi komèt fwod. Pou w aprann plis sou kijan pou detekte ak retire lojisyèl malveyan, vizite [onguardonline.gov/articles/0011-malware](https://onguardonline.gov/articles/0011-malware).
- Kreye modpas ki difisil.
  - Itilize modpas long, enprevizib avèk yon melanj lèt miniskil ak majiskil, chif, ak karaktè spesyal.
  - Itilize modpas ki pa gen ladan mo komen yo oswa enfòmasyon pèsònèl ou, tankou non ou oswa dat nesans ou.
  - Pa itilize menm modpas la pou plizyè kont, tankou kont Mache a ak imèl ou oswa lòt kont anliy yo.
  - Pa pataje modpas ou avèk okenn moun, epi kenbe modpass ou yon kote ki ansekirite.
- Fè tèt ou konfyans. Si yon imèl sanble sispèk, pa ouvè l oswa nenpòt atachman oswa klike sou nenpòt lyen.
- Si yon sitwèb pa sanble ansekirite, pa antre okenn enfòmasyon pèsònèl. Antre enfòmasyon pèsònèl ou sèlman nan sitwèb ki kode ak ansekirite. Karakteristik estanda ki montre yon sitwèb ansekirite, tankou [HealthCare.gov](https://HealthCare.gov), se yon senbòl kadna ak yon adrès entènèt “https”.
- Fèmen navigatè w epi dekonekte soti sou entènèt lè ou pap itilize òdinatè a, kidonk pirat yo pa ka jwenn aksè a enfòmasyon w.

Pou w jwenn plis enfòmasyon li konsèy Komisyon Trade Federal sou sekirite òdinatè nan: [consumer.ftc.gov/topics/computer-security](https://consumer.ftc.gov/topics/computer-security), oswa vizite [onguardonline.gov](https://onguardonline.gov).

## Kenbe enfòmasyon w ansekirite sou [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov).

Pwoteje konfidansyalite w enpòtan anpil pou Mache a. Nou pwoteje idantite pèsònèl ou nan plizyè fason, sa ki gen ladan:

- Nou pa kolekte okenn enfòmasyon ki ka idantifye (PII) ou sof si ou chwazi pou ba nou li.
- Nou pa kolekte enfòmasyon pou piblisite komèsyal oswa nenpòt lòt rezon ki pa gen rapò avèk pou aplike ak pou enskri nan kouvèti asirans.
- Nou egzije ke ou verifye idantite w anvan ou kreye yon kont nan Mache a epi fini yon aplikasyon. Nou mande kesyon oumenm sèlman ka reponn, baze sou kont yo ak enfòmasyon pèsònèl ki nan rapò kredi w. Sa ap anpeche moun ki pa otorize kreye kont oswa aplike pou asirans sante nan non w san ou pa konnen.
- Nou ka egzije pou soumèt dokiman pou pwouve enfòmasyon ou mete nan aplikasyon w lan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan nou pwoteje konfidansyalite w, li deklarasyon konplè konfidansyalite Mache a nan [HealthCare.gov/privacy](https://www.healthcare.gov/privacy).

Anplis de mezi nou pran pou pwoteje konfidansyalite w, men kèk konsèy ou ka swiv pou kenbe enfòmasyon w ansekirite sou [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov):

- Vizite sitwèb kòrèk la. Lè wap aplike pou asirans nan Mache a, asire ke ou vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov). Gen anpil lòt konpayi ki kapab ap chèche pou twonpe w epi ba ou enpresyon ke yo asosye avèk Mache a oswa [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov). Gen sitwèb tou ki sanble oswa ki gen yon adrès entènèt menm jan (tankou .coms, .orgs, and .nets) epi itilize mo "healthcare" ak "Marketplace," men yo pa resous konfyans ofisyèl la.
- Asire lè wap vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov), adrès entènèt la li konsa: <https://www.healthcare.gov> e li gen yon imaj kadna. Sa a vle di sitwèb la sekirize.
- Retire mesaj done ak kache yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou fè sa a, vizite [HealthCare.gov/help/i-am-having-trouble-logging-in-to-my-marketplace-account](https://www.healthcare.gov/help/i-am-having-trouble-logging-in-to-my-marketplace-account).

## Ou dwe rete enfòme.

- Vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) pou aprann enfòmasyon debaz yo.
- Konpare plan asirans yo avèk anpil atansyon anvan ou pran yon desizyon.
- Chèche so oswa logo ofisyèl gouvènman an. Si wap jwenn èd nan men yon asistan Mache a, mande pou wè sètifikasyon yo.
- Konnen dat enskripsyon Mache a. Pèsòn pa ka enskri w apre peryòd enskripsyon an fini amwenske ou gen yon evènman lavi kalifye oswa ou elijib pou yon peryòd enskripsyon Spesyal. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [HealthCare.gov/coverage-outside-open-enrollment](https://www.healthcare.gov/coverage-outside-open-enrollment).
- Konnen asistan Mache yo tankou Navigatè ak konseye aplikasyon sètifye yo pa ta dwe mande lajan pou ede w enskri nan yon plan Mache a. Ou ta dwe sispèk nenpòt moun kap chaje w lajan pou enskripsyon.
- Konnen ke si ou gen Medicare, li kont lalwa pou yon moun vann ou yon plan Mache a
- Aprann sou kijan pou pwoteje tèt ou kont fwod taks yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [HealthCare.gov/how-can-i-protect-myself-from-tax-scams/](https://www.healthcare.gov/how-can-i-protect-myself-from-tax-scams/).

## Pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou.

- Okenn moun pa ta dwe mande w enfòmasyon pèsònèl ou.
- Kenbe nimewo kont ak enfòmasyon pèsònèl prive. Pa bay nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN) oswa kat kredi oswa enfòmasyon bank a kopayi ou pa t kontakte oswa an repons a piblisite non-solisite. **Remake:** Si wap resevwa èd nan men yon asistan Mache a, yo ka bezwen sèten enfòmasyon pèsònèl, tankou SSN, pou ede w enskri.
- Pa janm bay yon moun ki vini lakay ou san pèmasyon w enfòmasyon pèsònèl ou, menmsi yo di ke yo vini sou non Mache a.

## Mande kesyon epi verifye repons ou jwenn yo.

- Mache a te fòme asistans yo nan chak eta pou ede w gratis. Vizite [LocalHelp.HealthCare.gov](https://www.localhelp.healthcare.gov), oswa rele Sant Dapèl Mache a nan 1-800-318-2596 pou jwenn èd lokal nan zòn ou an. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.
- Mande kesyon si gen yon enfòmasyon ki pa klè oswa si gen konfizyon.
- Ekri epi kenbe yon dosye non(yo) oswa nenpòt moun ki ede w, pou kimoun yap travay, ak nimewo telefòn yo, adrès ri, adrès postal, adrès imèl, ak sitwèb.
- Pa siyen okenn bagay ou pat fin konprann toutafè.

## Ou ka resevwa yon apèl ki soti nan Mache a.

Aprè ou fin aplike, ou ka resevwa yon koutfil ki soti nan Mache a ki mande w pou verifye oswa bay enfòmasyon. Si nou pa gen enfòmasyon sa a, nou ka pa kapab trete aplikasyon w lan. Vizite [HealthCare.gov/how-can-i-protect-myself-from-fraud-in-the-health-insurance-marketplace](https://www.healthcare.gov/how-can-i-protect-myself-from-fraud-in-the-health-insurance-marketplace) pou aprann plis.

Rapòte nenpòt bagay sispèk. Si ou sispèk fwod, rapòte lè ou rele:

- Sant Dapèl Mache a nan 1-800-318-2596.
- Ajans Lapolis lokal, eta oswa federal.
- Depatman Asirans Eta w la.

Si ou sispèk vòl idantite, oswa ou panse ou bay yon moun ou pa ta dwe bay enfòmasyon w:

- Rele depatman Lapolis lokal.
- Rele Liy Asistans Vòl Idantite Komisyon Trade Federal nan 1-877-438-4338. Itilizatè TTY yo ka rele 1-866-653-4261.
- Vizite [ftc.gov/idtheft](https://www.ftc.gov/idtheft) pou w aprann plis.

Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon Mache a nan yon fòm ki aksesib tankou gwo karaktè, Bray, oswa odyo. Ou gen dwa tou pu depoze yon plent si ou panse yo te fè diskriminasyon kont ou. Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html), oswa rele Sant Dapèl Mache a nan 1-800-318-2596 pou w jwenn plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.

Depatman Sante & Sèvis Imen peye pou li

